

## УОДИГЪÆДÆЙ ТУХГИН АДÆМБÆЛ НЕКÆЦИ ЗНАГ ФÆУУÆЛАХЕЗ УОДЗÆНÆЙ!..

***Иосиф СТАЛИН:** «Мах нæ Райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнади номбæл устур нивæндтæ ке ‘рхастан, нæ адæм тугъди рæстæги æнæнимæдзæ берæ гъæугæдзийнæдтæ æма риститæ ке баййафтонцæ, Фидибæсти сæрбæлтау фæскъилдуни æма фронти æнæрæнцайгæй ке фæллойнæ кодтонцæ, етæ дзæгъæли нæ фæцæнцæ, махæн бантæстæй знагбæл фæуулахез ун...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№16 (842) 2022 анзи 7 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман


## АХСГИАГ ЦАУ




## КАВКАЗБÆЛ ТОХИ НАМУС – ÆНОСОН...

Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Кавказбæл тугъдтити рæстæг Сурх Æфсади фæууæлахези ахедундзийнадæ цæйбæрцæбæл агъазиау иссæй, уомæн берæ æвдесæнтæ æрхæссун æнгъезуй. Уонæй еу – ССР Цæдеси Сæйраг Советి Президиуми Указæй 1944 анзи 1 майи сæрмагондæй нисангонд æрцудæй майдан «Кавказ багъæуай кæнуни туххæй», æма ‘й исаккаг кодтонцæ æхсæзсæдæ адæймагемæй фулдæремæн.

Аци анзи кæрони цуппаринсæй анзи æнхæст кæнуй, Цæгат Иристон æнæгъæнæй дæр сæребарæгонд ку ‘рцудæй немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй, уобæл. Уой фæдбæл нæ газети сæрмагондæй мухур кæнæн æрмæгутæ. Уонæй еу уац кæсетæ абониккон номери дæр (4-5-аг фæрстæбæл).

## БÆРÆГБОНИ АРФÆ



## «НÆ ХЕСТÆРТИ АККАГ КУД УÆН!..»

Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** нæ республики ветерантæн, еугур цæргутæн дæр арфæ кæнуй Цитгин Уæлахези 77-аг бæрæгбони фæдбæл.

Æ арфи радзубандий бахáнхæ кодта уой, æма нæ Фидибæсти анзфинсти 9 май æй тæккæ уæлфæдзæхстдæр бон. Е иссæй советон адæми æнæмбал æхсардзийнади, фудæрбалæборæги нихмæ æ еудзийнади æма æмзæрдæдзийнади, е ‘нæбасæттæ гъæддухдзийнади æма Райгурæн бæстæбæл æновуддзийнади æвдесæн..

Цæгат Иристон дæр агъазиау æвæрæн бахаста Уæлахези гъуддагмæ. Нæ республики нæлгоймæгти æма силгоймæгти æфсæддон хъиамæттæ æностæмæ финст æрцудæнцæ нæ бæсти намусгин анзфинсти.

Сергей Меняйло æ арфи радзубандий ма баханхæ кодта уой дæр, æма нæ ихæс æй – нæ намусгин хестæрти аккаг ун, æнæбухсгæ рахаст æвдесун нацизми цийфæнди фудракæндтити нихмæ – кæддæр раги, дæсгай æнзти размæ æрцудæнцæ æви нур арæзт цæунцæ, уомæ нæ кæсгæй. Нæ кæстæр фæлтæрти гъæуама æфтауæн нæ паддзахади истори цитгинæй нимайуни зундирахастбæл, ахур сæ кæнæн рæстадæ, хуарздзийнади сæрбæлтау архайдбæл.

Æ радзубандий кæронбæттæни ба Сергей Меняйло баханхæ кодта: «Мæ зæрдæ зæгъуй сабурдзийнадæ, амонд, фæрнæйдзаг ун, æнтæстгин гъуддæгутæ æма уæлахезтæ нæ Иристони сæрбæлтау, нæ цитгин Уæрæсей сæрбæлтау!..»

## НÆ ФИДИБÆСТИ УÆЛАХЕЗТÆ – ЦИТГИЙНАГ НÆ АДÆМИ ЕУГУР ФÆЛТÆРТÆН ДÆР!..




## НОМЕРÆН



## ÆХСАРГИН ЦÆРГÆС

Гъе уæхæн цитгин номæй нæ номдзуд тугъдон тæхæг **Бицати Сергейи** худтонцæ е ‘мтохгутæ. Советон Цæдеси Бæгъатæр **Василий Коняхин** æ имисуйнæгти æ хуæрзæрдхуард Бицай-фурти туххæй уотæ финста: «Уоййасæбæл нифсхаст æма æхсаргин тæхæг адтæй, æма еухатт уæлдæфи æнай-æнойти знаги дууадæс хуæдтæхæгебæл ку исæмбалдæй, уæд еци тæссаг уавæрти исарæхстæй æхе айдагъ багъæуай кæнунмæ нæ, фал ма сæ нихмæ атакæ исаразун дæр… Нæхе цæститæй фæуидтан, знаги еци хуæдтæхгутæй еуей куд æргæлста...»

Советон Цæдеси Бæгъатæр, тæхæг-фæлварæг, майор Бицати Владимири фурт Сергейи райгурдбæл 15 майи æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1922-1962). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.

*МАМСУРАТИ Хаджи-Умар, Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-болкъон: «Нæ хъайтарти сорæттæ, сæ лæгдзийнадæ – хъæбæр хуарз æрмæг æнцæ ирæзгæ фæсевæди, нæ адæми тугъдон, советон адæми революцион æма Æфсади фæткитæбæл гъомбæл кæнунæн. Уони гъуддæгутæ ‘нцæ æвдесæн нæ адæми федардзийнадæ æма лæгдзийнадæн».*

# ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК



АБÆГАТИ Григорийи фурт Давид



ÆБАТИ Мæхæмæти фурт Æхсарбег



ÆБАТИ Михали фурт Гермæн



ÆБАТИ Тимофейи фурт Мухарбег



ÆБИТИ Геннадийи фурт Сергей



ÆВЗУРÆГТИ Геуæргий фурт Николай





# «ЕЦИ ТУГЪДОНТÆ МАХÆН ÆЦÆГ БÆГЪАТÆРТÆ ÆНЦÆ!..»

ЛУГАНСКИ æма Донецки Адæмон Республикити сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй не ‘мзæнхон æфсæддонтæй бæгъатæрæй ка фæммард æй, уонæй Уæрæсей Президент **Владимир Путини** Указæй сæ бæгъатæрдзийнадæ æма уодуæлдайдзийнади туххæй Лæгдзийнади ордентæ кæмæн исаккаг кодтонцæ, уони хеуæнтти хæццæ Мæздæги, Кирови æма рахесфарси районти фембалдæй нæ республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло.** Æ радзубандий загъта:

– Хъæбæр зæрдристæй, хъонцгæнгæй тæфирфæс кæнун нæ еци æдзард бæгъатæрти бийнонтæн еугуремæн дæр. Махæн етæ ‘нцæ æма æностæмæ дæр уодзæнæнцæ æцæг бæгъатæртæ… Етæ, сæ цард иснивонд кæнгæй, кæрæй-кæронмæ исæнхæст кодтонцæ сæ размæ æвæрд ихæс – Устур Фидибæстон тугъди рæстæг нæ фидтæлтæ куд фескъуæлхтæнцæ, раст гъе уотæ – нæ Райгурæн бæсти сæребарæ æма хуæдбарæдзийнадæ багъæуай кодтонцæ, уой хæццæ ба ма дуйней агъазиаудæр хай фæййервæзун кодтонцæ нацистон еминæй. Абони ке имисæн, еци лæхъуæнтæ дæр кæрæй-кæронмæ исæнхæст кодтонцæ се ‘фсæддон ихæс.

Куд уинæн, уотемæй абони бабæй кæмидæрти кадæртæ архайунцæ нацизм райгас кæнунбæл. Уомæн ба неци хузи ес уæн. Æма абони ци лæхъуæнти имисæн, уонæн барæгонд æрцудæй еци хъилма искунæг кæнун æма се ‘фсæддон ихæс намусгинæй кæрæй-кæронмæ исæнхæст кодтонцæ, сауæнгæ ма сæ цард иснивонд кæнгæй. Сумах, сæ хеуæнттæ, гъæуама си сæрустур уайтæ, мах ба алцидæр араздзинан, цæмæй сæ рохс нæмттæ иронх ма уонцæ нæ дзиллæй. Етæ махæн, нæ адæмæн, æнцæ æцæг бæгъатæртæ…

Сергей Меняйло ма зæрдæ байвардта уомæй дæр, æма æхемæ райсдзæнæй æдзард тугъдонти бийнонти цардиуаги фарстатæ аразуни гъуддаг дæр. Фæллойнæ æма социалон ирæзти министрадæн бафæдзахста, цæмæй уæхæн бийнонтæн искæнонцæ сæрмагонд паспорттæ, цидæриддæр фарстатæ сæмæ æвзура, етæ афойнадæбæл æма гъæугæ хузи æнхæстæй лухгонд куд цæуонцæ.

***

Бæгъатæрдзийнадæ æма уодуæлдайдзийнадæ ке бавдистонцæ, уой туххæй Уæрæсей Президент Владимир Путини Указæй Лæгдзийнади орденæй хуарзæнхæгонд (фæсмæрдæ) æрцудæнцæ:

– рæнгъон **Дубоделов Вадим Андрейи фурт.** Орден равардтонцæ æ мадæ Герус Светланæ Николайи кизгæмæ;

– ефрейтор **Лукожев Беслан Багау-**

ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

# «НÆУÆГ БОН» – ФИЦЦАГ ЗÆРБАТУГ

«НÆУÆГ БОН», – уотæ исхудтонцæ, алли бон æма, æхе бæлвурд фæткæмæ гæсгæ ка цæуй, мухури уæхæн фæрæзнитæ парахатгæнæг паддзахадон сæрмагонд базарадон хизæ. Æрæги, Советон мухури бони, байгон æй фиццаг киоск. Проектбæл бакуста Республикæ Цæгат Иристон-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити Комитет. Базарадон хизæ «Ног бон»-æн æ кустмæ цæстдарæг уодзæнæй киунугæуадзæн рауагъдадæ «Ир».

– Проекти сæйраг нисан æй, нæ республики цæргути домæнтæ æнхæстгæнгæй, хуæрзвадуат административон-экономикон уавæртæ исаразун, гъæугæ информаци æнæкъулумпийæй райсунæн, Уæрæсей еумæйаг информацион тугъдадæ багъæуай кæнунæн æма фæгъгъомусгиндæр кæнун. Аци унаффæ рахаста нæ бæсти Президент **Владимир Путин**, – æ раздзубандий фæббæрæг кодта комитети сæрдар **Фидарати Юрий.**



ФИДАРАТИ Юрий (галеуæрдигæй) æма КОКАЙТИ Сослан нæуæг киоск игон кæнгæй.

1945 - 2022

**динович.** Орден равардтонцæ æ фидæмæ Лукожев Багаудин Аздиновичмæ;

– кæстæр сержант **Гулати Маусури фурт Маирбекæн.** Орден равардтонцæ æ хæстæг Гобети Агматкирей кизгæ Иринæмæ;

– хестæр сержант **Ибрагимов Осмæн Берслани фурт.** Орден равардтонцæ æ уосæ, Ибрагимова Айшат Исмаили кизгæмæ;

– сержант **Коваленко Александр Василийи фурт.** Орден равардтонцæ æ мадæ Давыденко Ольгæ Александри кизгæмæ;

– рæнгъон **Казарян Акоп Сейранович.** Орден равардтонцæ æ мадæ, Айрапетян Маринæ Каджиковнæмæ;

– хестæр лейтенант **Ковалев Игорь Николайи фурт.** Орден равардтонцæ æ мадæ Ковалева Иринæ Николайи кизгæмæ;

– кæстæр сержант **Милдзихти Руслани фурт Эдуард**. Орден равардтонцæ æ уосæ Милдзихти Заирæ Кими кизгæмæ.

– ефрейтор **Мисиккати Хъазбеги фурт Чермен**. Орден равардтонцæ е 'нсувæр Мисиккати Хъазбеги фурт Тотразмæ.

***

Уомæй цалдæр боней раздæр ба Сергей Меняйло фембалдæй не 'мзæнхон æдзард тугъдонтæй Донбасси сæрмагонд æфсæддон операций ка фæммард æй æма Лæгдзийнади орден аккагонд (фæсмæрдæ) кæмæн æрцудæй, уони хеуæнтти хæццæ.

Уой туххæй ма нæ газети финстан, абони ба мухур кæнæн еци æдзард бæгъатæрти номхигъд;

– старшина **Скоков Михаил Михаили фурт**, орден равардтонцæ æ фурт Никитæмæ;

– ефрейтор **Ковальчук Олег Сергейи фурт**, орден равардтонцæ æ фидæ Сергей Михаили фуртмæ;

– хестæр сержант **Харебати Тамазий фурт Алан**, орден равардтонцæ æ фидæ Тамази Николайи фуртмæ;

– рæнгъон **Леонов Игорь Александри фурт**, орден равардтонцæ æ мадæ Иринæ Виктори кизгæмæ;

– ефрейтор **Мæргъити Феликси фурт Артур**, орден равардтонцæ æ бийнойнаг Виктория Виктори кизгæмæ;

– сержант **Железнов Александр Вячеслави фурт.** Орден равардтонцæ æ кизгæ Екатеринæмæ;

– сержант **Кочити Мæирбеги фурт Эльбрус**. Орден равардтонцæ æ мадæ Мананæ Робинзони кизгæмæ;

– хестæр прапорщик **Суслов Сергей Сергейи фурт**, орден равардтонцæ æ бийнойнаг Иринæ Юрийи кизгæмæ;

– сержант **Бахъати Николайи фурт Андрей.** Орден равардтонцæ æ бийнойнаг Джиоти Алинæ Александри кизгæмæ;

– рæнгъон **Шахин Джабир-Оглы Ахмедов.** Орден равардтонцæ æ фидæ Джабир Векилхаммæ;

– сержант **Гагулати Виталийи фурт Геуæрги.** Орден равардтонцæ æ фидæ Виталий Юрийи фуртмæ.

***

Æрæги ба нæ республики Сæргълæуæг Горæтгæрони æма Алагири районти фембалдæй Донецки æма Лугански республикити Уæрæсей Федераци ци сæрмагонд æфсæддон операци аразуй, уой рæстæги се 'фсæддон ихæстæ æнхæст кæнгæй ка фæммард æй æма сæ бæгъатæрдзийнади туххæй Лæгдзийнади орденæй хуарзæнхæгонд ка 'рцудæй, уони хеуæнтти хæццæ. Зæрдхъурмæй син ратæфирфæс кодта, зæрдитæ син байвардта, нæ æдзард бæгъатæрти рохс нæмттæ нæ дзиллæй иронх ке некæд уодзæнæнцæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ сæ ке имисдзæнæнцæ æма сæ цитгин ке кæндзæнæнцæ, уомæй.

Се 'фсæддон ихæс æнхæст кæнгæй бæгъатæрдзийнадæ, æхсардзийнадæ æма удуæлдайдзийнадæ ке бавдистонцæ, уой туххæй Лæгдзийнади орденæй (фæсмæрдæ) хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ.

– рæнгъон **Бурати Нодари фурт Фидар.** Орден лæвæрд æрцудæй æ седзæргæс уосæ Тедети Натальямæ;

– капитан **Висяч Сергей Александри фурт.** Орден лæвæрд æрцудæй æ уосæ Галинæ Висячмæ;

– сержант **Хъæцмæзти фурт Хъазбеги Артур.** Орден лæвæрд æрцудæй æ мадæ Елойти Розæмæ;

– ефрейтор **Тедети Энвери фурт Гермæн.** Орден лæвæрд æрцудæй е 'нсувæр Тедети Азаматмæ;

– сержант **Хурити Платони фурт Рустам.** Орден лæвæрд æрцудæй æ уосæ Гурцъити Алинæмæ;

– капитан **Дзантиати Аслан.** Орден лæвæрд æрцудæй æ мадæ Гъæргинти Зæлинæмæ;

– кæстæр сержант **Доййати Эльбрус.** Орден лæвæрд æрцудæй æ мадæ Хаматканти Мæдинætмæ.

Сергей Меняйло ма еци фембæлдти рæстæг федарæй зæрдæ байвардта уомæй дæр, æма нæ æдзард бæгъатæр тугъдонти хеуæнттæ иронх ке нæ уодзæнæнцæ, багъæуаги син хецаудзийнади 'рдигæй агъазгонд ке цæудзæнæй.

## ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..



Фидари-фурт куд фегъосун кодта, уотемæй киосктæ уодзæнæнцæ дууæ хузи сæ арæзтадæмæ гæсгæ. Аци анз ма байгон кæндзæнæнцæ никкидæр цуппар объекти. Æдеугурæй ба сæ нимæдзæ уодзæнæй дууæсæдемæй фулдæр. Æрбунæттон уодзæнæнцæ республики алли районти.

Газеттæ, журналтæ, киунугутæ, сувенирон продукци æма финсæн хабæрттæ си балхæнæн уодзæнæй аслиандæр аргъæй. Адæми уодæнцондзийнадæн си рафинсæн уодзæнæй республикон æма районти газеттæ, уæдта журналтæ дæр.

Кадгин мадзалмæ æрбамбурд æнцæ берæ адæм. Сурх лентæ ралух кодтонцæ Фидарати Юрий æма рауагъдадæ «Ир»-и директор **Кокайти Сослан**.

Нурæй фæстæмæ «Мæскуй гъæунги, 1-аг автовагзалмæ хæстæг, балхæнæн уодзæнæй нæуæг газеттæ æма журналтæ. Киоск косдзæнæй сæумæ 8 сахаттемæй изæри 6 сахаттей уæнгæ.

***ГУГКАТИ Жаннæ***

# ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК



**ÆВЗУРÆГТИ Гагий фурт Хасан**



**ÆВЗУРÆГТИ Геуæргий фурт Хъазбег**



**ÆГЪУЗАРТИ Адзей фурт Давид**



**ÆГЪУЗАРТИ Афæхъой фурт Хъанамат**



**ÆГЪУЗАРТИ Ибрагими фурт Мухарбег**



**АЙДАРТИ Диикий фурт Барис**



***Иван ТЮЛЕНЕВ, æфсади инæлар, Фæскавказаг фронти командæгæнæг: «Устур Фидибæстон тугъди анзфинсти 1942-1943 æнзтæ нимад æнцæ тæккæ уæззаудæртæбæл. Гитлеронтæ сæ бицъинæг æскъудтонцæ, цæмæй Сталинград байахæстайуонцæ, Грозна æма Бакуй нефтмæ байервазтайуонцæ æма Райгурæн бæстæ бардзурд равардта: знаги ба-***никкодта танкитæбæл дæр. Сахат æма æрдæги фæсте нецибал зиндтæй, айдагъдæр ругæ æма хъуæци бунæй игъустæй уæззау моторти гъæр æма нæмгути æскъот.

Фæссикк æй знаги фиццаг нимпурст. 31 танки содзгæй байзадæнцæ итигъд будури. Уой фæсте махбæл, уæдтæ нæ синхаг æртиккаг дивизионбæл æрбаскъардтонцæ хуæдтæхгутæ. Уæдмæ ба нæбæл Алагири ’рдигæй æрбагулф кодта танкити нæуæг уолæн. Еуæндæс ба си содзгæй байзадæнцæ, иннетæ нартихуари хуми ранигъулдæнцæ.

...Нæ дзармадзантæ æнæгъæнæ бонæ сæ нæрунæй нæ банцадæнцæ. Знаги хуæдтæхгутæ нæ еугæндзон тухсун кодтонцæ. Уотæ фæцæй 1942 анзи 30 октябрь. 31 октябри сæумæраги нæ тохæн бунæттæ раййивтан.



# ÆНОСТИ ЦÆРУЙНАГ НАМУСИ БÆНТТÆ

***Аци хабæрттæ æрцудæнцæ Устур Фидибæстон тугъди фиццаг æнзти æма æвдесунцæ 319-аг фестæгæфсæддон дивизий уæззау нæдтæ.***

***1941 анзи Гудерман æма Готи танкити полктæ сæхе æрцæттæ кодтонцæ Мæскумæ агъазиау нимпурстмæ. Гъе, еци зин уавæрти арæзт æрцудæй 319-аг фестæгæфсæддон дивизи. Уомæн барæгонд æрцудæй цийфæндийæй дæр знаги æмпурст бауорамун. Дууæ къуæрей тогкалæн тугъдтити дивизий тугъдонтæ усхъæй-усхъæмæ лæудтæнцæ танкити нихмæ. Агъазмæ сæмæ Скæсæнæй цудæнцæ æма цудæнцæ нæуæг æфсæддон хъауритæ. Знаги фæндитæ фæссикк æнцæ. Фал еци æхцæуæн хабар 319-аг фестæгæфсæддон дивизий тугъдонтæ нæбал базудтонцæ. Дивизи «фæццардæй» айдагъдæр 1941 анзи 19 декабрæй 1942 анзи 9 январи уæнгæ. Ци еугай тугъдонтæ ма си байзадæй, етæ æрвист æрцудæнцæ æндæр хæйттæмæ.***

### 319-Й ФЕСТÆГÆФСÆДДОН ДИВИЗИЙ ПОЛИТХАЙАДИ ХЕЦАУ, БАТАЛЬОНИ КОМИССАР Г.И. КАШИЦЫНИ БОНУГÆЙ

«Еу гъуддагæн иронхгæнæн нæййес. Устур Фидибæстон тугъди рæстæг 319-аг фестæгæфсæддон дивизи арæзт æрцудæй æртæ хатти. Фиццаг хатт – 1941 анзи 19 декабрæй 1941 анзи январи уæнгæ, дуккаг хатт 1942 анзи 7 августæй 1942 анзи 2 декабрьмæ, æртиккаг хатт – 1953 анзи 30 сентябрæй тугъди кæронмæ.

Фиццаг хатт гъæдгинтæ ку нецæмæйбал бадзæбæхгæнæн адтæй, уæд дивизи æма полкки турусатæ рарвистонцæ Кавказмæ. Гъæуама ами равардтайуонцæ дивизийæн дуккаг цард...

Цудæй 1942 анз. Сæрди фæстаг мæйæ – август. Фиццаг Нальчикмæ, уой фæсте Дагестанмæ цудæнцæ Дон æма Кубанæй, Стъарапол æма Иристонæй, Цæцæн-Мæхъæл æма Азербайджанæй, Сомех æма Гурдзийæй 17-18 анзи дæр кæбæл нæма цудæй, уæхæн æвзонг, фал æ цард Райгурæн бæсти сæрбæлтау раттунмæ цæттæ ка адтæй, уæхæн бæгъатæр фæсевæд».

### Г.И. КАШИЦЫНИ БОНУГÆЙ

«1942 анзи сентябри кæронмæ дивизи адтæй цæттæ знаги нихмæ истохунмæ.

... Сæйрагдæр æрлæуун гъæуй дивизий царди æртæ цауебæл – цæугæдон Сулак, сахар Орджоникидзе æма Æрæдонбæл тугъдтитæ.

Сахар Орджникидзей бунмæ тугъдтити Фæскавкази фронти 319-аг фестæг дивизий тугъдонтæ равдистонцæ агъазиау лæгдзийнадæ».

Берæтомон «1939-1945 æнзти Дуккаг уйнеуон тугъди истори»-й уой туххæй финст ес уотæ: «Знаг цудæй размæ. Æбахъæрдтæй Кавкази хуæнхрæбунтæмæ, 37-аг æфсади бон æй нæ бацæй бауорамун. Ирæфæй Чиколай уæнгæ не ’фсæддон хæйттæ кæрæдземæй фæххецæн æнцæ. Фашисттæн байгон æй над Орджоникидземæ. Цæмæй знаги æмпурст фæссикк уа, уой туххæй æфсади Цæгаттаг къуари командæкæнуйнадæ 30 декабри æхсæвæ Дигорамæ барвиста танкити бригадæ. Суадаги ба сæ размæ æрлæудтæй 58-аг æфсади фестæг дивизи. Еци мадзæлттæ знаги размæмпурст фæссабурдæр кодтонцæ».

### БАТАЛЬОНИ КОМИССАР Г.И.КАШИЦЫНИ ФИНСТÆГ 1980 АНЗИ 4 ИЮНÆЙ

«...Хъæбæр мæ фæндуй еу гъуддаг баханхæ кæнун: нæ дивизи дуккаг хатт арæзт æрцудæй тугъди тæккæ зиндæр анз æма мæйти – 1942 анзи август-сентябри. Æ рæнгъити адтæнцæ Кавкази еугур адæмихæттити минæвæрттæ. Æма кæд Орджоникидзе багъæуай кæнунбæл тугъдтити æхе арæхстгинæй равдиста, уæд сæрустурæй зæгъæн ес: Устур Фидибæстон тугъди рæстæг нæ партий национ политикæ иссæй не ‘стур Уæлахези сæйраг цæг».

### 29 ДЕКАБРЬ. СОВИНФОРМБЮРОЙ СÆУМИ ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ

Сæумæй изæрмæ не ’фсæдтæ уодуæлдайæй тох кодтонцæ знаги нихмæ Сталингради, Туапсей æма Нальчикки размæ. Нальчикки рази сурхæфсæддонти багъудæй знагæн карз нихкъуæрд раттун.

### 29 ДЕКАБРЬ. СОВИНФОРМБЮРОЙ ИЗÆРИ ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ

Нальчикки размæ цудæнцæ тогкалæн тугъдтитæ. Не ’фсæдтæ знагæн никкодтонцæ цалдæр хъаурæгин цæфи. Фашисттæй фæгъгъудæй берæ адæм æма техникæ.

***

Кавкази хуæнхрæбунтæмæ æрбахъæрдтæй Клейсти танкити æфсад. 37-аг æфсадæн æ нихмæ æрлæуун æ бон нæ бацæй, нæ имæ танкитæ адтæй нæ – хуæдтæхгутæ. Дехтæ æма пурхитæй цудæй Скæсæнæрдæмæ. Дууæ-æртæ боней фæсте Орджоникидзе ке байахæсдзæнæй, уобæл нæ гурусхæ кодта знаг.

Еци рæстæг знаги нихмæ гæлст æрцудæй 52-аг танкити бригадæ æма 319-аг фестæг дивизи (58-аг æфсадæй). Дивизийæн ихæсгонд æрцудæй 32 километрей дæргъæн фронт – Æрæдонæй Алагири уæнгæ – багъæуай кæнун. Еци бадзурд дивизи райста 28 октябри æхсæвæ Уæд ма Дагестани адтæй – баргонд бунатæй 200-220 километри уоддæр. Знаги ба ма имæ гъудæй 35-40 километри. Æма бабæй, 41 анзи Мæскуй бунмæ бардзурди хузæн райгъустæй нæуæг бардзурд: «Цийфæндийæй дæр знаги размæцуд æртæ-цуппар бони бакъулумпи кæнун».

### 30 ОКТЯБРЬ. СОВИНФОРМБЮРОЙ ИЗÆРИ ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ

Нальчикки размæ не ’фсæдтæ тухтонцæ размæмпурсæг знаги танкити æма фестæгæфсæддонти нихмæ. Еу рауæн знагæн бантæстæй не ’фсæддон хæйтти фæстæмæ рагæлдзун.

### 30 ОКТЯБРЬ. СОВИНФОРМБЮРОЙ ИЗÆРИ ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ

Нальчикки размæ не ’фсæддон хæйттæ тох кодтонцæ знаги танкитæ æма фестæгæфсæддонти нихмæ... Изæрмæ хæстæг, знаги тухтæ фулдæр ке адтæнцæ, уой туххæй не ’фсæддон хæйтти багъудæй нæуæг хецæн бунæттæмæ рацæун.

***

29 декабри амунд бунатмæ фиццаг бахъæрдтæнцæ майор Соколови 1014-аг артполкки артиллеристтæ. Етæ гъæуама æрбунат кодтайуонцæ Æрæдони цæгатварс. Гъуама син агъаз кодтайдæ 1336-аг фестæг полк...

### 1014-АГ АРТПОЛККИ ÆФСÆДДОН Н.Г.ШИНКАРЕВИ ФИНСТÆГÆЙ. 1983 АНЗИ 9 ДЕКАБРЬ. НАЛЬЧИК

«... Полкки командир майор Соколов кастæй дивизиони фæлгæсæн пунктæй. Е рахаста унаффæ: танкитæ гæнæн æма амалæй æрбауадзун гъæуй хæстæгдæр. Хуарз лæдæрдтæй, уотæ ку нæ бакодтайдæ, идардмæ æхсун ку райдæдтайанæ, уæд ке неци рамулдтайанæ, уой. Фиццаг ниццавтан танкити фæскъилдум – знаги фестæгæфсæддонти, уой фæсте тогуарæн бацæй.

### 31 ОКТЯБРЬ. СОВИНФОРМБЮРОЙ ИЗÆРИ ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ

Нальчикки размæ советон æфсæдтæ уодуæлдайæй тохунцæ знаги нихмæ.

***

Еци бон Орджоникидземæ æрбацудæй 1344-аг фестæг полк дæр. Е гъæуама гъæуай кодтайдæ Æрæдони дони скæсæйнаг билгæрон. Сæ хæцæ адтæй дивизий штаби оперативон къуар, æ сæргъи дивизий командир Монахов, уотемæй. Нурма неке зудта аци полкки æфсæддонтæмæ ци зиндзийнæдтæ æнгъæлмæ кæсуй, уой. Изæрмæ полк бахъæрдтæй нисангонд бунатмæ.

### 1344-АГ ФЕСТÆГÆФСÆДДОН ПОЛККИ КОМАНДИР И.Ф. ВОЛКОВИ ИМИСУЙНÆГТÆЙ

«... Алагирмæ ци фæдсгаргутæ рарвистан, етæ фегъосун кодтонцæ, зæгъгæ, сахари не ’фсæддон хæйттæй неке ес, неке ‘й гъæуай кæнуй. Æз деси бацудтæн. Раздæр ци игъосункæнуйнаг райстон, уоми загъд адтæй, зæгъгæ, нæ разæй архайунцæ 37-аг æфсади хæйттæ. Аци хабарбæл бадес кодта дивизий командир Монахов дæр.

... Не ’фсæддонтæ знаги бомбитæ нецæмæ даргæй къахтонцæ акъоппитæ».

***

Æнæгъæнæ бон знаги хуæдтæхгутæ бомбитæ калдтонцæ 1336-аг фестæг полкки тугъдонтæбæл Кировигъæуæй Нартигъæуи ‘хсæн. Æрæдонмæ бацæуæни фæззиндтæй знаги 23-аг танкити дивизи. Æ нихмæ исхуæстæй 1014-аг дзармадзантæйæхсæг дивизион. Батарейи хестæр – æригон хестæр лейтанант Илья Гуменный æрцудæй еу раст гъудимæ: дзармадзантæ разелун гъæуй танкити тæккæ нихмæ, 50 æфсæн танки. Сæ нихмæ ба – фæллад, стонг æфсæддонти къуар. Еци тохи фашистти танкитæй 20 байзадæнцæ тугъди будури содзгæй.

Изæрмæ знаг байахæста Æрæдон. Æ багъæуай кæнунæн тухтæ нæбал адтæй. Дзармадзанти нæмгутæ ку фæцæнцæ, уæд дивизиони рацæун багъудæй Кировигъæуи ‘рдæмæ. Цалинмæ æфсæнвæндаг æнæгъæнæ адтæй, уæдмæ дууæ æфсæн поезди æхсаргинæй тухтонцæ знаги танкити нихмæ.

***

Фондз бони тогуарæн тугъди 319-аг дивизий фестæгæфсæддонтæ нæ фæккиудтæнцæ, æма уотæ зиндтæй, цума æ тугъдонтæ – уодæгасæй, мардæй – еугурæйдæр исистадæнцæ цифуддæр знаги нихмæ.

Нур дæр нæма бадзæбæх æнцæ Нартигъæу, Рассвет æма Æрæдони будуртæ тугъди гъæдгинтæй.

### ПОЛККИ КОМАНДИР ИВАН ВОЛКОВИ ИМИСУЙНÆГТÆЙ

«1 ноябрь... Изæрæрдæмæ немуцæгтæ исфæндæ кодтонцæ Суадаг æма Хæтæлдони ’рдæмæ нæуæг нимпурст исаразун. Фал сæ фæндитæ сæ хъури фæббадтæнцæ. Нæ дзармадзæнтæйæхсæг дивизион æма танкити нихмæ тохæг

***уорамун, æ тухтæ ин ислæмæгъ кæнун æма ‘й уордигæй фæстæмæ ранхуæрсун. Æма еци бардзурд æнтæстгинæй æнхæстгонд æрцудæй! Знаг кæд цийфæнди хъаурæгин адтæй, уæддæр уомæй тухгиндæр разиндтæнцæ нæ советон адæмти Фидибæстæбæл еузæрдиуондзийнадæ. Æма знагбæл фæуууæлахез æнцæ.***

ротæ сæ нæмгути буни фæккодтонцæ. Нæ бон бацæй хед исрæмодзун дæр. Æхсæвини æ цæстæ неке æрцъундæ кодта: зудтан æй, знаги танкити бауорамунæн нæмæ фагæ хъаурæ нæ разиндзæнæй, фал федарæй исфæндæ кодтан цийфæндийæй дæр син сæ цуд бауорамун.

2 ноябрь... Сабур сæуми арвбæл мегъи фæд нæ зиндтæй. Фал еу усми фæсте бæстæ гув-гувæй байдзаг æй. Знаги хуæдтæхгутæ сахаттæй-сахатмæ не ‘фсæдтæбæл æгъзалдтонцæ бомбитæ. Адæймагмæ уотæ кастæй, цума еци «ехуарди» фæсте зæнхæбæл цæрæгой, зайæгой нæбал байзадæй. Куддæр хуæдтæхгутæ сæ «куст» фæцæнцæ, уотæ «исдзурдтонцæ» знаги дзармадзантæ. Тугъд цудæй идарддæр. Кунæгдæр кодтонцæ сæ хъауритæ. Мæнæ знаги танкитæ байервазтæнцæ полкки командон пунктмæ. Штаби афицертæ бацудæнцæ лæгæй-лæгмæ тохи. Минкъий ма уотæ ку рахастайдæ, уæд полккæй еу дæр нæбал райервазтайдæ. Фал æнæнгъæлæги знаги танкитæ фæстæрдæмæ цæун райдæдтонцæ, сæ автоматæйæхсгутæ дæр фæппурхæ ‘нцæ æма къотæрти сæ сæртæ римахстонцæ. Е, хестæр лейтенант Худæлти Темирсолтани æфсæддонтæ æнæнгъæлти къилдумæрдигæй ниццавтонцæ знаги. Дæс бæгъатæр тугъдони сæ уодтæ исуæлдай кодтонцæ æма знаги нимпурст сæхердæмæ раздахтонцæ. Еци рæстæг фагæ адтæй полкки командир майор Волковæн е ’фсæддон хæйттæ хуæнхтæ ‘рдæмæ ракæнунæн æма Курттати коммæ бахезæни федар бунæттæ æрахæссун.

4 ноябрь. Иннæ бæнттæй фæстæдæр рапурхæ ‘нцæ мегътæ. Æма фæззигон цъæх арвбæл фæззиндтæнцæ знаги хуæдтæхгутæ. Нуртæккæ бабæй знаги бомбити буни гъæуама зæнхæ гъæрзун райдайа. Фал... арвæй фæззигон сифти хузæн æгъзæлун райдæдтонцæ гæгъæдити гæбæзтæ. Кæд тухæй нæ, уæдта – хийнæй. Фашистон пропагандæ седтæй нæ тугъдонтæмæ, цæмæй мардтайуонцæ коммунистти, командиртæ æма комиссарти. Фал бабæй син е дæр нæ фæййагъаз æй. Аллихатт дæр атаки размæ æфсæддонтæ финстонцæ: «Райсетæ мæ партий рæнгъитæмæ кандидатæй. Гъæуама тохмæ коммунистæй рандæуон».

... Тугъдтитæ цудæнцæ идарддæр.

## ÆСТÆЙМАГ ФЕСТÆГ РОТИ ПОЛИТРУКИ ХУÆДÆЙЙЕВÆГ ЛЕКЪТИ М.Г. ИМИСУЙНÆГТÆЙ

«... Еци бон иннæ бæнтти хузæн нæ адтæй. Иннæ хæттити хузæн бабæй æнгъæлмæ кастан знаги хуæдтæхгути нимпурстмæ. Берæ æнгъæлмæ кæсун сæмæ нæ багъудæй. Фал содзгæ арт махбæл нæ, фал, Фиййагдони ци 34-аг фестæг бригади дæлкъуар гъæуай кодта, уобæл никкалдтонцæ. Мах ба æхсун райдæдтонцæ знаги дзармадзантæ. Æма куд! Раст ехуарæгау. Махæрдигæй, скæсæнæрдигæй ци хæдзæрттæ адтæй, уонæбæл. Уогæ сæ хæдзæрттæ исхонæн нæбал адтæй, фал сæ ихæлддзæгти фæсте сæхе баййауун кодтонцæ не ’фсæддонтæ.

Дзармадзантæ æхстонцæ берæ рæстæг. Уæлдай карздæрæй – 10-11 сахаттебæл. Уæдмæ райгъустæй гъæр: «Немуцæгтæ! Рахесæрдигæй немуцæгтæ!» Етæ фæззиндтæнцæ, æнгъæлмæ сæмæ кæцæй нæ кастан, уордигæй. Уоми нæмæ еу пулемет дæр нæ адтæй. «Лекъи-фурт! – нигъгъæр мин кодта мæ гъоси роти командир. – Уайæ минометчиктæмæ! Айдагъдæр нин етæ фæййагъаз кæндзæнæнцæ!»

Минометчикти взвод адтæй нæ хæдзари фæсте, дзæхæрадони! – махæй еу 70-100 метри идарддæр. Фал еци идæрддзæф уайун гъудæй минитæ æма дзармадзанти нæмгутæ кæми ихалдæнцæ, уæхæн итигъд будури. Дзармадзанти нæмгутæ ихæлунцæ, мæ алфамбулай, сæ уолæн мæ еуварс хæссуй, фал уайун, мæхе нæ римæхсун уотемæй.

... Æхсæви лейтенант Тебиай-фурти ротæмæ фæззиндтæй дивизий политхайади хецау, батальони комиссар Геннадий Кашицын. Тебиай-фурт имæ фæрсæгау бакастæй, е ин медбилтиходгæй дзуапп равардта:

– Зæгъун, фæккæсон уæмæ, фæййагъаз кæнон.

– Ци хузи? – рафарста ‘й роти командир.

Нур фондз боней дæргъи лæгдухæй гъæуай кæнунцæ бунат. Роти æртæ-цуппæрæймаг хай фæммард æнцæ, æма сæмæ полккæй агъаз ку нæ зиннуй. Дивизий политхайади хецау сæ нæ гъæуй, фал нæуæг хъауритæ.

Нæуæг хъауритæ нæййес. Уæдта нæ уодзæнæй. Уой зонгæй, æрбацудæй Кашицын Тебиай-фурти ротæмæ. Сæумæй æхуæдæг атаки ракæндзæнæй роти фæстаг хъауритæ. Уой нимадта æ ихæсбæл æфсæддон æма коммунист Геннадий Кашицын.

## Г.И. КАШИЦЫНИ БОНУГÆЙ

«...Ралæудтæй знаги Кавказæй соруни рæстæг. 1942 анзи 6 ноябри, Цитгин Октябри бонмæ, не ’фсæдтæ знагæн бæрзæйсæттæн цæф никкодтонцæ Фиййагдони билгæрæнтти Дзиуаригъæуи размæ. Еци тохи архайдтонцæ 319-аг фестæг дивизий полктæ дæр...»

## 8 НОЯБРЬ. СОВИНФОРМБЮРОЙ ИЗÆРИ ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ

Нальчикки хонсар-скæсæнæрдигæй не ’фсæдтæ агъазиау цæф никкодтонцæ гитлеронтæн.

## 9 НОЯБРЬ. СОВИНФОРМБЮРОЙ ИЗÆРИ ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ

.... Нальчикки хонсар-скæсæнæрдигæй не ’фсæдти архайд фæхъхъаурæгиндæр æй æма знагæн æрхаста берæ зиантæ.

## 9 НОЯБРЬ. СОВИНФОРМБЮРОЙ СÆУМИ ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ

... Нальчикки хонсар-скæсæнæрдигæй не ’фсæдтæ дæрæн кæнунцæ знаги.

Никки ма еу уæхæн игъосункæнуйнаг Совинформбюро радзурдта 11 ноябри изæрæй.

## Г.И. КАШИЦЫНИ БОНУГÆЙ

«Знагæн 6-12 ноябри ци нихкъуæрд равардтан, е ибæл уотæ фæззиндтæй, æма ‘й багъудæй гъæуайгæнæн бунæттæ аразун. 13 ноябри ба 9-аг æфсад, æ рæнгъити 319-аг фестæг дивизи, уотемæй бацудæй атаки. Фал дæс боней медæгæ ци уæззау тугъдтитæ фæккодтонцæ, етæ уæлахез не ’рхастонцæ. Знаг – бæрцæй фулдæр, техникæй дæр ефтонгдæр. Уæддæр не ’фсæдтæ фæцæнцæ дæс километри хæстæгдæр æма рацудæнцæ Æрæдони дони скæсæйнаг билгæронмæ...

... Айдагъдæр декабри фæстаг бæнтти берæ гъезæмæрттæ æма зиндзийнæдтæ бавзаргæй, бацæй не ’фсæдти бон знаги басæттун. Берæ тог никкалдæй, беретæ равардтонцæ райгурæн бæсти сæрбæлтау сæ цард. Уæдмæ мах 319-аг фестæг дивизийæй дæр некебал байзадæй».

Етæ ма адтæнцæ нерæнгæ хуæрзæригон – 17, 18, 19-анздзудтæ. Абони нæуæг фæлтæрмæ ку фæккæсæн, уæд сæ лæг æ медгъудити хæццæ рабаруй, хуæрзæригонæй барвæндонæй арти цæхæрмæ ка байампъез кодта, уони хæццæ. Æма зæрдæ нирресуй – абони æригон биццеути хузæнттæ цудæнцæ атаки, мардæнцæ сæ уæззау цæфти фудæй, уазалæй судæнцæ акъоппити, сæ къахдзæфтæй барстонцæ тугъди уæззау нæдтæ. Етæ гъæуай кодтонцæ нæ Фидибæстæ.

**БАДРИАТИ Хъазбег.** Æвддæсанздзудæй æ цард дууæ дехи фæцæй. Фиццаги адтæнцæ е ’взонгадæ, хор æма уорссæр къæдзæхтæ... æма минитæй ефтигъд фæззигон будур. Сгарæг æй, æма ибæл гъæуама бахеза. Еци будур фæддех кодта Хъазбеги цард дууæ хаййебæл. Дуккаг хаййи – ниллæудтæй æхсæвæ. Бахъæрæу æй.

**Гамид КАФАРОВ.** 19 анзи цудæй пулеметæйæхсæг, взводи командирбæл. Кезугай ферхуæстæнцæ пулеметтæ. Уæззау тохи еу-инней фæсте фæммард æнцæ е ’мбæлттæ. Æгасæй ма си байзадæнцæ айдагъдæр æртемæй. Фал гъæуама пулеметтæ гъосæй ма лæууонцæ – етæ ‘нцæ æфсæддонти хъаурæ æма нифс. Гамид нæмгути буни уайуй еу пулеметæй иннемæ. Æхсуй знæгти. Фал уобæл дæр нæмуг исæмбалдæй. Æ цæф нецæмæ даргæй, Гамид изолдæр тохуй знаги нихмæ. Цалдæр къахдзæфи уоддæр фехалдæй дзармадзани нæмуг. Е схъес ратудта æригон лæхъуæни рахес цонг. Уæддæр нæ ниуууагъта тугъди будур. Куддæр ин æ цæф ниббастонцæ, уотæ бабæй тохæнгарзи рази балæудтæй.

**ХЪУЛАТИ Захар.** 1336-аг фестæг полкки дуккаг батальони фæдсгарæг. Цал æма цал хатти февзуридæ æнæнгъæлти æндæр рауæнти, цал æма цал хатти бахизтæй фронти ханхæбæл.

**Гади НАСИБОВ.** Тæнтъехтæ, фудхузтæ æма хуæрзниллæг. Зинтæй баруагæс уодзæнæй, тугъди будурæй уæйуги асæ командир Волкови цæфæй куд рахаста, е.

**Володя ДУБЯНСКИЙ.** Автоматæйæхсæг. Еу мегъæ æхсæви знаги фæдсгарæгутæ 1336-аг фестæг полкки штабмæ ку багъузтæнцæ, уæд еунæгæй сæ нихмæ тохи бацудæй.

**ЛЕКЪТИ Мурат.** 6 ноябри ибæл исæнхæст æй 17 анзи. Гæнæн адтæй æма ин еци бон адтайдæ æ фæстаг бон. Минкъий раздæр тугъди тумугъи лæгæй-лæгмæ райзадæй немуцаг автоматчики хæццæ. Фæстæмæ рацæуни туххæй ин бардзурд ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ Мурат еу æрдæгихæлд хæдзари тугури æрбунат кодта æма, гæнæн адтæй, уоми иссирдтайдæ æ мæлæт. Фæййервæзун æй кодта полкки зæронд пъисæр. Е æхе фæндæмæ гæсгæ рараст æй Мурати агорæг. Иссирдта æй, равардта ин бардзурд фæстæмæ рацæуни туххæй æма... æхуæдæг æрхаудтæй знаги нæмугæй.

Хъæбæр уæззау уаргъ æй æфсæддони дæсниадæ – атакæ, уæлахез, къулумпитæ, фæллад, стонг... Уæлдай уæззаудæр ба адтæй силгоймæгтæн. Æригон кизгуттæ – медицинон хуæртæ, радисткитæ, бастдзийнади косгутæ. Етæ дæр нæлгоймæгти хæццæ усхъæй-усхъæмæ æрлæудтæнцæ. Етæ дæр нæлгоймæгти хузæн цудæнцæ мæлæти цъухмæ, уæлахези сæрбæлтау не ’вгъау кодтонцæ сæ цард. Уони хæццæ 1336-аг фестæг полкки медицинон хуæрæ **Аннæ Степуренко, Нинæ Ильина, Валентинæ Савченко.**

**Юрий МИРОНОВ.** Æстдæс анзи цудæй фиццаг роти политруки хуæдæййевæгбæл. Æрæдонмæ нимпурсти хуæдразмæ ин акъоппи равардтонцæ партион билет.

**Александр ГНУСИН.** Аци фудтугъдтити æхсист æригон лейтенанти хъисмæт. Фæстæдæр иссæй Советон Цæдеси Бæгъатæр.

**Габисати Хъасболат, Михаил Галич, Николай Конкин, Сакин Лиджиев, Трофим Дудаков, Иван Гладкий, Василий Тимченко, Павел Красиков, Николай Шорохов...** 319-аг фестæг дивизий ка фæммард æй æма æгасæй байзайæг тугъдонтæ, сумах исæнхæст кодтайдæ уæ ихæс Райгурæн бæсти размæ. Орджоникидзейæй Æрæдонмæ нади 35-аг километри лæууй циртдзæвæн уæхæн финсти хæццæ: «Ами, Кировигъæу, Мичурини гъæу, Нартигъæу æма Рассвети размæ 1942 анзи ноябри 319-аг фестæг дивизий æфсæддонтæ æрлæууун кодтонцæ, Орджоникидземæ æмпурсæг фашистон танкити фиццаг армий сæйраг къуар. Ами знаги фæндитæ фæссикк æнцæ».

Фæсикк æнцæ. Фал фондз бонемæ тогкалæн тугъдтити 319-аг фестæг дивизийæй фæгъгъудæй æ 80 проценти цæфтæ æма мæрдтæй. Фараст мин тугъдонемæн ами сæ зинг рахустæй.

Æгæр берæ хъауритæ ке фесафта, уой туххæй 319-аг дивизий тугъдонти 1942 анзи декабри æндæр æфсæддон хæйтти хæццæ байеу кодтонцæ.

***

Тугъд айдагъдæр киунугути æма кинонивтæмæ гæсгæ ка зонуй, уонæн еци æнзтæ кæмидæр идарди ‘нцæ. Æхуæдæг си ка архайдта, уомæн ба кæддæриддæр фæуунцæ æ хæццæ. Махæн е иронхкæнуйнаг нæй.

***ЧИПИРАТИ Ларисæ***






***Номдзуд индийаг политик æма паддзахадон архайæг Джавахарлал НЕРУ (1889-1964) уотæ загъта: «Тугъд æй æцæгдзийнадæ æма адæмуарзондзийнадæбæл идæун. Зонгæ-зонгæй æма гъæддухæй фудзæрдæдзийнадæ æма мæнгæдзийнадæ парахатгонд ке ‘æунцæ æма сæ адæми зундирахастбæл ке æфтаунцæ, æ бæлахи бæлах е æй...»***



Бицати Сергей (галеуæрдигæй дуккаг) æ тугъдон æмбæлтти хæццæ.

# БÆГЪАТÆР ЦÆРГÆС

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Бицати Сергейи райгурдбæл исæнхæст æй 95 анзи**



ЕВГЪУД æноси 30-аг æнзти Советон Цæдеси авиацимæ нæ фæсевæд хъæбæр бæлдтæнцæ. Биццеутæ сæ фуни дæр, сæ сæнтти дæр уидтонцæ Чкалови æскъуæлхтдзийнадæ, уæларвмæ истæхун си фæндадтæй алкедæр. Æстдæсанздзуд лæхъуæн Бицати Сергей дæр хуæрзбон загъта Дигорай гъæуýонхæдзарадон техникумæн æма æхе хузæн разæнгард фæсевæди хæццæ – æдеугурæй дууадæс лæхъуæни – фæскомцæдеси путевки хæццæ иссæй Орджоникидзей аэроклуби курсант.

Еци хабæртти фæдбæл Советон Цæдеси Бæгъатæр Василий Коняхин æ имисуйнæгти уотæ кой кодта: «Берæ адтан, фал алкæмæн дæ зæрди сосæгдзийнæдтæ нæ райхалдзæнæ, дигорайаг Бицати Сергейи хæццæ ба уайтæккæ дæр фæллимæн ан!..»

...Аэроклуби ахуртæ æнцон нæ адтæнцæ. Бон райдайидæ сæуми æхсæз сахаттебæл æма фæууидæ изæри еуæндæс сахаттебæл. Курсанттæ еугурæйдæр адтæнцæ кустуарзагæ, зæрдæргъæвд æма ахурмондаг. Хумæтæги цалдæремæй не ’ссæнцæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæ, беретæ ба си райстонцæ тугъдон ордентæ æма майдантæ. 1941 анзи мартъий фæцæй сæ ахури анз. Сергей æнтæстгинæй равардта рауагъдони фæлварæнтæ æма æрвист æрцудæй Краснодари æфсæддонавиацион тæхгути скъоламæ. Æ къуари хигъдмæ хаст æрцудæнцæ Орджоникидзей аэроклуби курсанттæй беретæ.

Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд Сергей ба адтæй Краснодармæ хæстæг сæрдигон лагери. Сергей æма е ’мбæлттæ уайтæккæ дæр рапорттæ балæвардтонцæ, цæмæй сæ фронтмæ рарветонцæ, фал син скъолай хецау загъта: «Ахур кæнетæ. Фидибæсти сумах хузæн тæхгутæ гъæуй!..»

Æфсæддон ахуртæ цæун райдæдтонцæ цубургонд программæмæ гæсгæ. Цæттæ кæнун сæ райдæдтонцæ фронтмæ. 1943 анзи уалдзæги равардтонцæ рауагъдонти фæлварæнтæ æма æзини курсант Бицати Сергейæн лæвæрд æрцудæй кæстæр лейтенанти цин. Æрвист æрцудæй Ленинградi фронтмæ. Райдæдтонцæ нæуæг фæлварæн ахуртæ хуæдтæхгутæ ЯК-3 æма ЯК-9-бæл.

Сергей ахур кодта зæрдиагæй. Æхе цæттæ кодта фашистти нихмæ тохунмæ. Иссæй 845-аг дæрæнгæнæг полкки тæхæг. Зин æй еу æрмæги Бицати Сергейи æскъуæлхтдзийнæдтæбæл æрдзорун. Æримисæн си еуцалдæр... 1944 анзи 17 июли станицæ Черскаяйи æрæмбурд æнцæ фашистти тугъдон эшелонтæ фестæг æфсад æма танкити хæццæ. Сæ ниддæрæн кæнуни ихæс лæвæрд æрцудæй нæхе штурмовикти къуарæн. Сæ гъæуай кæнун ба фæдзæхст æрцудæй дууæ дæрæнгæнæг хуæдтæхæгемæн Бицати Сергейи разамундæй.

Сергей рауидта, нæ штурмовиктæмæ ке ‘рбахæстæг æнцæ немуцаг дæрæнгæнгутæ. Минкъий фæстæдæр Бицай-фурти арæхстгин архайдæй знаги «Фокке-Вульф» зæнхæ ’рдæмæ цæхæртæ калгæй рафардæг æй. Е ’мбал сержант Мостаков дæр æргæлста еу хуæдтæхæг. Сергейи балæбурд знагæн уотæ æнæнгъæлти фæцæй, уотæ раст рауадæй æ атакæ, æма ледзæги фæцæнцæ аллирдæмæти. Уотемæй Бицай-фурт æхебæл исардудта знаги тæхгути æма уомæй фадуат равардта нæхе штурмовиктæн сæ тугъдон ихæс исæнхæст кæнунæн. Сæхе аэродроммæ ку ’рбахæстæг æй Сергей, уæд ин полкки командир фегъосун кодта, штурмовикти экипажтæ си хъæбæр боз ке ’нцæ æма ин æрветунцæ зæрдиуагон салам. Еци æскъуæлхтдзийнади туххæй Сергей райста «Сурх Турусай орден».

1945 анзи 16 феврали 2-аг Белорусаг фронти æфсæдтæ басастонцæ знаги федарг Скæсæн Пруссий æма рацудæнцæ Балтий денгизи билгæрæнттæмæ, Кенигсбергæй хонсардæр рауæн. Не ’сгаргутæ исбæрæг кодтонцæ, Данцити ’рдигæй ке ‘рбацæунцæ знаги фестæг æфсæдтæ æма танкитæ, уой. Уæлдæфон цæф никкæнунæн æрвист æрцудæнцæ штурмовиктæ, сæ гъæуай кæнун ба ихæсгонд æрцудæй лейтенант Бицати Сергейæн.

Зундгонд æфсæддон историк Мурити Дадо æ рæстæги бацæттæ кодта киунугæ «Осетии отважные сыны», æма уоми Бицати Сергейи туххæй мухургонд очерки уотæ финст æй: «Знæгтæмæ æрбахæстæг уогæй, лейтенант Бицай-фурт исæмбалдæй 18 хуæдтæхæгебæл. Знаги хуæдтæхгутæ дууæ къуари фæцæнцæ, цæмæй нæ дæрæнгæнгути еуварсмæ расайуонцæ æма штурмовикти фæндитæ фехалонцæ, фал Сергей базудта знаги хийнæдзийнадæ. Атакæн син фадуат нæ дæттæй, Бицай-фурти дæсни маневрти фæрци исаразта мадзал штурмовиктæн сæ ихæслæвæрдтæ исæнхæст кæнунæн, никки ма знаги атакитæн нихкъуæрд дæттæй æхуæдæг æргæлста знаги хуæдтæхæг. Штурмовикти активонæй гъæуайгæнгæй ма Сергей къуар æргæлста никкидæр знаги дууæ хуæдтæхæги. Еци æскъуæлхтдзийнади туххæй Сергей райста «Сурх Турусай дуккаг орден».

Бицати Сергейи бæгъатæрдзийнадæн æ тугъдон разамунд бæрзонд аргъ кодтонцæ. Сурх Турусай орденхæссæг полкки службæ кодта, уой командир майор Дрекалов 1945 анзи 14 майи ци гæгъæди бацæттæ кодта уæлдæр командæкæнуйнади номбæл, уоми уотæ финста:

«263 тугъдон ратахтей туххæй æма æхуæдæг ци æхсæрдæс фашистон хуæдтæхæги æргæлста, еци архæйдтити ци тугъдон дæсниадæ æма æхсардзийнадæ равдиста, уой туххæй æй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном райсуни аккаг...»

Еци фæндæбæл исарази æй 2-аг Белоруссаг фронти командæгæнæг, Советон Цæдеси Маршæл Рокоссовский æма курдиади гæгъæдибæл 1945 анзи 18 майи бафинста: «Аккаг æй, цæмæй ин лæвæрд æрцæуа Советон Цæдеси Бæгъатæри ном...»

Советон Цæдеси Сæйраг Президиуми Указмæ гæсгæ 1945 анзи 18 августи лейтенант Бицати Владимири фурт Сергейæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, Ленини орден æма майдан.

Еци Укази размæ ба Сергейбæл æрцудæй æндæр цийни хабар: 1945 анзи 24 июни Бицай-фурт æрвист æрцудæй Мæскуй ци Уæлахези Парад арæзт æрцудæй, уордæмæ архайæгæй. Паради размæ 17 июни иристойнаг уарийæн лæвæрд æрцудæй 1941-1945 æнзти тугъди рæстæги Германибæл фæуууæлахези фæдбæл майдан. Еци анз 5 июни ба хестæр лейтенанти цин....

Устур Фидибæстон тугъди фæсте Сергей идарддæр службæ кодта Советон Æфсади рæнгъити: эскадрилий командирæй, фæстæдæр ба нисангонд æрцудæй æфсæддон училищей ахургæнæн эскадрилий командирæй, цæттæ кодта æфсæддон тæхгути. Æ ахурдзаути ’хсæн, фæстæдæр космонавттæ ка иссæй, уонæй еу адтæй В.Ф. Быковский дæр.

Космонавт Быковский 1963 анзи 15



*Бæгъатæр тæхæги туххæй мæнæ куд финсуй Советон Цæдеси Бæгъатæр* ***Виктор Коняхин:*** «Мæ зæрдæбæл дарун еу уæлдæфон тугъд. Æз ме ’мбæлтти хæццæ æрбаздахтæн уæлдæфон разведкæй. Фронти арæнмæ ку ’рбахæстæг ан, уæд фегъустон нæхе тæхæги фæдеси сигнал. Бæрæг адтæй, уæззау уавæри ке бахаудтæй, е. Ку ’рбахъæрдтан фронти арæнмæ, уæд фæууидтан, еунæг советон хуæдтæхæг-истребитель 12 знаги хуæдтæхæгей хæццæ куд тох кæнуй, уой. Бæрæг адтæй, нæ хуæдтæхæги тæрæг ке æй дæсни æма нифсгун пилот. Е еци зин уавæри мадзал иссирдта айдагъ æхе багъæуай кæнунæн нæ, фал ма активон тохи лæбурдæн дæр. Еунæгæй дууадæсей нихмæ, – нæ цæстити рази æргæлста знаги хуæдтæхæг, кæци содзгæй зæнхæбæл исæмбалдæй.

Мах ма ме ’мбæли хæццæ адтан уæлдæр, тæхгæ дæр кодтан тагъддæр, уомæ гæсгæ æвæстеуатæй бацудан тохи, фал ма уæддæр нæ фиццаг атаки æргæлстан еу «Фокке-Вульф». Знæгтæ ледзæги фæцæнцæ, фал ма си никкидæр еу æргæлстан. Нифсхаст тæхæги нæ рæнгъи æрлæуун кодтан, утемæй æрбатахтан нæхе аэропортмæ. Машинæй рахезгæй рауидтон Сергейи æ медбилти худгæй, устур арфитæ нин ракодта нæ агъази туххæй, æз ба цийнæ кодтон, еунæгæй дууадæсей нихмæ тохи ке нæ фæттарстæй, уобæл. Æнæмæнгæ, е адтæй мæ хæлар æмбал...»

РЕДАКЦИЙÆЙ: *Еци тохи туххæй бабæй фæйнæ ордени райстонцæ дуææ тугъдон æрдхуарди, дууæ æмбæстаги.*


Бицати Сергей (галеуæрдигæй) æ тугъдон æмбали хæццæ.

июни газет «Красная Звезда»-й финста: «Хъæбæр мæ фæндадтæй тæхун. Училищей ба нæ фæстеуат кодтонцæ – теори æма теори. Тæхунмæ нæ бауадзунмæ тагъд нæ кодтонцæ. Бацудтæн нæ командир, Советон Цæдеси Бæгъатæр хестæр лейтенант Бицай-фуртмæ.

– Кæд тæхæн?

– Федæни тæхæг гъæуама фæразон уа, – дзуапп равардта командир.

– Ци гæнæн адтæй: мæхе ниффедар кодтон.

Сæрди ба, нæ тæхтитæ цума фемæхстæнцæ, уоййау аллибон тæхгæ. Хуæруйнаг ракомидзаг кодтан æма бабæй – тæхгæ.

Лигъстæ кæнунбæл фæдтæн. Еуминкъий рæстæг уолæфт дæр нæ багъигæ даридæ. Бонигъæдæй пайда кæнун гъæуй, – цæхгæр дзуапп лæвардта Бицай-фурт. Фæразон гъæуама уай. Авиаци нæ уарзуй æгæр тæвдæ, æгæр уазал æма æгæр лæмæгъдзийнадæ.

Бицати Владимири фурт Сергей 1960 анзи майори цини æфсадæй рацудæй е 'нæнездзийнадæмæ гæсгæ. Цардæй Дзæуæгигъæуи. Дууинсæй анзи дæр ибæл нæма цудæй, уотемæй рахецæн æй æ уæлзæнхон цардæй. Æ фæсте байзадæнцæ æ уарзон бийнойнаг Мария, æ фурт æма æ кизгæ. Дигорай гъæунгтæй еу хæссуй Бицай-фурти ном. Ами, сахари астæу, Намуси Аллейи иннæ дигорайаг Бæгъатæрти æмрæнгъæ ин æвæрд ес бюст.

Бицай-фурти архивбæл косгæй мæмæ Мария равдиста æрдæг къарæ, Краснодари тæхгути скъолай курсанттæ 1941 анзи ист кæми адтæнцæ, уой. Æз цæмæдесæй кастæн еци къарæмæ æма мæмæ фæззиндтæй устур, радзорæн кæмæн нæййес, уæхæн сæрустурдзийнадæ æма куд нæ, кæд æма се 'хсæнæй рацудæнцæ Советон Цæдеси æртæ Бæгъатæри: Бицати Сергей, Коняхин Василий æма Бондарь Александр, æртемæй дæр не 'мзæнхонтæ.

Кæд æма кæми иссирдтон еци хузи иннæ æрдæг? Нæ архивмæ æрбацудæй Нартихъти Олег, алагираг дохтир, уомæн æ фидæ адтæй тугъдон афицер, Уæлахези Паради архайæг. Æз имæ равдистон еци хузи æрдæг, кæцими ист æрцудæй Олеги фиди æнсувæри сорæт дæр, Бицай-фурти хæццæ еумæ.

– Е æй мæ хуæрз фиди æнсувæр, – загъта Олег æма æрбахаста еци хузæ æнæгъæнæй. Æцæгæйдæр, етæ адтæнцæ Краснодари æфсæддон скъолай курсанттæ 1941 анзи. Советон Цæдеси Бæгъатæрæй уæлдай ма хузи ес берæ иристойнæгтæ, сæ бæгъатæр тугъдон æскъуæлхтитæ нурма зундгонд кæмæн нæма 'нцæ, уæхæнттæ.

***ЗÆДИТИ Нодар***




**РЕДАКЦИЙÆЙ:** *Аци æрмæг нæ республики Паддзахадон архиви раздæри косæг Зæдити Нодар кæддæр раги бацæттæ кодта, æма ци тугъдонти кой кæнуй, уони нимайгæ дæр ракодта: Нартихъти В., Хъалабегти Н., Доййати У., Зæнгиати В., Хъалабегти Г., Сокати А., Фæрдзинти Т., Мамсурати А, æма æндæртæ.*

*Куд уинетæ, уотемæй сæ нæмттæ æнхæстæй амунд не 'рцудæнцæ. Æвæдзи, уомæ гæсгæ автор æ уаци кæронбæттæни уотæ баханхæ кодта, гъома, бæлвурдæй ка 'нцæ, куд рауадæй сæ цардвæндаг. Æма æрмæг ка бакæса, уонæй ракурдта – цардæгас ма си ка 'й, уонæй дæр, уæдта сæ хæстæгутæй æма сæ лимæнтæй, сæ цардæй ка рахецæн æй, уони хæстæгутæй дæр, цæмæй ин уони карни туххæй бæлвурд хабæрттæ фегъосун кодтайуонцæ. Нæ зонæн, еске ин ести фегъосун кодта æви нæ – Зæдити Нодар æхуæдæг дæр, гъулæггагæн, цардæгас нæбал æй.*

*Фал, ка 'й зонуй, еци хабæрттæ махмæ, нæ газети редакцимæ еске фегъосун кæндзæнæй…*



Циртдзæвæн БИЦАТИ Сергейæн Дигорай Кади Аллейи.

# ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК


АЙДАРТИ Садулли фурт Николай


АЙДАРТИ Дикий фурт Александр


АКЪОТИ Афанаси фурт Алибег


АКЪОТИ Афанаси фурт Батæрбег


АКЪОТИ Харитъони фурт Батраз


АКЪОТИ Ивани фурт Барис


«Æнæмæлгæ полк», зæгъгæ, абони ци къартæ мухур кæнæн, уони нин равардта Дигори районни газет «Дигори хабæрттæ»-йи редакци.

*ДЗАТТИАТИ Тотурбег, финсæг, Устур Фидибæстон тугъди архайæг: «Æма гъезæмæрттæй фæллад мадæ æ æдзард хъæболти имисгæй Уæлахези Бони ставд цæстисугæй нæбал кæуй, фал зæгъуй: «Мæ фурттæ, рохсаг уотæ, уæ тог никкалдтайтæ адæми сæрбæлтау... Искодтайтæ нæ дзиллитæ æма мæнæн, уæ ниййерæг мадæн дæр кадæ...»*



# СВЕТЛОЙ ПАМЯТИ ПАВШИХ В БОРЬБЕ ПРОТИВ ФАШИЗМА

## 9 МАЯ В 18 ЧАСОВ 55 МИНУТ ПО ВСЕЙ СТРАНЕ ОБЪЯВЛЯЕТСЯ МИНУТА МОЛЧАНИЯ

Светом благодарной памяти, светом любви нашей, светом скорби нашей, пусть озарятся имена павших. Вспомним! Три года, 10 месяцев и еще 18 дней 26 миллионов 452 тысячи жизней унесла Великая Отечественная война. Вспомним! Вспомним тех, кто бился с врагом на фронте, кто воевал в партизанских отрядах, кто страдал в фашистских концлагерях. Вспомним тех, кто без сна и отдыха трудился в тылу. Вспомним тех, кто дошел до Берлина и Праги, и кого сегодня нет с нами. Вспомним о деревнях, сожженных дотла, о поселках, стертых с лица земли. Вспомним о сотнях городов – разрушенных, но не покоренных. Каждую улицу вспомним, каждый дом. Солдат Великой Отечественной! Ты насмерть стоял под Москвой и Сталинградом, без хлеб в блокадный Ленинград, горел в танке под Прохоровкой… Погибая ты спасал миллионы жизней, ты, потерявший родных и близких в сталинских лагерях, принес свободу узникам Освенцима, Бухенвальда, Дахау. Ты не вторгался в чужие пределы, не искал славы, ты защищал Отчизну, защищал свою семью. Вспомним всех, кто положил свою жизнь на алтарь победы. Поклонимся им низко! Проходят годы, десятилетия, сменяются поколения, но разве можно придать забвению подвиг воинов, защитивших не только нашу жизнь, но и само звание человека, который хотел растоптать фашизм. В день великой Победы мы склоняем головы перед светлой памятью не вернувшихся с войны сыновей, дочерей, отцов, матерей, дедов, мужей, жен, братьев, сестер, однополчан, родных, друзей.

Вечная память жертвам Великой Отечественной войны! Вечная Слава героям, павшим за свободу и независимость нашей Родины!

***

*Минута молчания – символический ритуал в память о трагическом событии и погибших в нем людях. Все, кто участвуют в ритуале – молча встают, чтят память. Речей при этом не произносят, не разговаривая друг с другом. Как правило, минута молчания длится менее минуты.*

**Таймураз ТЕТЦОЕВ**

***

Который год уже прошел,
А мне тебя все ждать и ждать…
Откликнись, горный мой орел,
Услышь свою родную мать!

Я часто у окна сижу,
Когда в горах туман и дождь,
И все гляжу, гляжу, гляжу:
А вдруг сегодня ты придешь?

Кормлю ли я цыплят зерном,
Сажаю ль кукурузу я,
А в сердце горестном моем
Все песня слышится твоя.

Мой сын, тебя я заждалась.
Тянулись годы, как века.
О, если б мог ты хоть на час
К нам прилететь издалека.

Она прошла бы, эта боль,
Когда бы ты обнял меня.
Из дома вышли б мы с тобой
Под небо солнечного дня.

И мы с тобою в сад пошли б,
Где в детстве бегал ты босым,
Где ныне ты стоишь меж лип,
Из бронзы отлитый мой сын.

Вокруг тебя – прохлада, тень,
Разросся твой любимый сад.
С тобой встречаясь:
«Добрый день!» -
Тебе ребята говорят.

Они придут сюда опять
И принесут тебе цветы.
Они желают сами стать
Такими храбрыми, как ты.

Тебя в бою сразил металл,
Но видишь ты: прошли года,
И ты, поднявшись, снова встал,
Из бронзы отлит навсегда.

Орел мой! Как могу я, мать,
О смерти о твоей сказать?!



**Ирина ГУРЖИБЕКОВА**

## СОЛДАТСКИЕ СНЫ

Что снится вам, убитые солдаты,
Средь вашей безнадежной тишины —
Окоп ли серый, пламенем объятый?
Безоблачные зори до войны?
Крутые горы, море или нивы?..
А может, просто взгляд любимых глаз;
Девчонка, что была тогда красива,
Но постарела, ожидая вас?..
Что снится вам, убитые солдаты —
Родной ли запах скошенной травы?..
А вдруг остались в чем-то виноваты
Перед своей учительницей вы?
Не бойтесь, она все уже простила.
Простила еще в тот далекий час,
Когда, чтоб защитить ее седины,
Вы покидали свой десятый класс.
Что снится вам, убитые солдаты,—
Несбывшегося будущего дни,
И лыжников проснеженные старты,
И строек беспокойные огни,
И лица материнские в печали?..
Цветы на камне, даже средь зимы...
А в общем, все, за что вы умирали,
Чтоб после сна могли проснуться мы.



**Роберт РОЖДЕСТВЕНСКИЙ**

## БАЛЛАДА О КРАСКАХ

Был он рыжим, как из рыжиков рагу.
Рыжим, словно апельсины на снегу.
Мать шутила, мать веселою была:
«Я от солнышка сыночка родила…»
А другой был черным-черным у нее.
Черным, будто обгоревшее смолье.
Хохотала над расспросами она, говорила:
«Слишком ночь была черна!..»
В сорок первом, в сорок памятном году
прокричали репродукторы беду.
Оба сына, оба-двое, соль Земли –
поклонились маме в пояс.
И ушли.
Довелось в бою почуять молодым
рыжий бешеный огонь и черный дым,
злую зелень застоявшихся полей,
серый цвет прифронтовых госпиталей.
Оба сына, оба-двое, два крыла,
воевали до победы.
Мать ждала.
Не гневила, не кляла она судьбу.
Похоронка
обошла ее избу.
Повезло ей.
Привалило счастье вдруг.
Повезло одной на три села вокруг.
Повезло ей. Повезло ей! Повезло! –
Оба сына воротилися в село.
Оба сына. Оба-двое. Плоть и стать.
Золотистых орденов не сосчитать.
Сыновья сидят рядком – к плечу плечо.
Ноги целы, руки целы – что еще?
Пьют зеленое вино, как повелось…
У обоих изменился цвет волос.
Стали волосы – смертельной белизны!
Видно, много
белой краски
у войны.
*1972 г.*

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№908.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 06.05.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 06.05.2022.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**